

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon M. Sahari - Bogor Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan M. G. Kartaatmadia Tjiamis. Djawa wetan: Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaya.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoan dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjittak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Table with subscription and publication details: LANGGANAN (3 sasib, f 1,50), Redactie (Heerenstraat 31), Redaktoer (SOETISNA SENDJAJA), Directie (Bestuur Pasoendan Tasikmalaja), and rangos ADVERTENTIE.

Kadaharan oerang P. Djawa djeung Madoera. Toeloelna. Naon (koemaha) daja oerang soepaja oerang Pasoendan noe djeunbiahna 9 joeta tea, dina waktos koemaha bae bisa dahar satjoekoeuna, oelah ngandelkeun oerang Siem djeung Saigon.

Enteh kampoeng. Matja Sip. no. 16 taon ka 2. sim koering katjida pisan atobna rebua Dir. M. O. parantos kersa mapiarin bongbolongan ka noe giradoeh enteh soepaja geura taxi-taki saringkil oelah katanggaleun ngaloeleoh taneuh. Ieu di handap Walangsangit rek namoehan saeutik-eutikeun malar kahartos koe noe giradoeh kebon sareng koe noe goeroeng goesoeh hujung ngamadjoekoeun bangsana, teu djeung pikiran kadoea leutik lantaran kabawa napsos.

rangan boh oerang? Tjong Hoa, leuwih hade make atoeran contract noe boga kebon djeung onderneming, koma lamoen ditoeungtoen, didjaga koe amite-naat goepnemen mah leuwih oestamana teh, geuning boehbna madoe lawon djeung mitra noe Tani di afil. Soekaboemi sakitoe, amisna, loba noe kanita, kadoehoeng teu miloe. Tina perkara milih ke ka hareup koe sim koering diterangkan naon sabat na noe matak waisa bisa noe baroga kebon oelah milihkeun.

ance njekel dooit, koedoe beunang dipertjaja. Lamoen katendjo koe salasoerang ieu ngoeroesna teu sampurna genwat garuwahkeun hisi kaboe-roe ledis, sabab noe kieu sok ngaroeksak kapertjajaan teh. Engke di mana aja noe rek eujaan, djelema-djelema tea kapokeun. Koemaha rek bisa njingkirkeun kasakit, teu pertjajaan ka babatoeran, oepama loba keneh noe sak maling kapertjajaan djelema tea. (*) Teraskeuneun Walangsangit. (*) Na di Soenda bae kitoe, ajaan teh noe kieu? (corr.)

Ti pipir hawoe. Koering teh kamari ieu ngadeuhensan ka menak. Keur ngobos oepke pisan torodjor sobat, bah Ke Sang. Ari entas "tate djoelagan" i teh oudjoeg oedjoeg tjelegedeg gok bae dina korsi. "Deuleu itoe!" tjeuk koering dina hate, deuleu itoe! Aing ande-prok mando, ari babah oetjang oetjang dina korsi. Dat is een beetje terlatoef nie wa! Ke Sang teh wawoeh koering oge Babah Kridit. Noe sok ngider ka kampoeng-kampoeng. Teu djaeuh ti koering harkatna, martabatna, kawasna sakalana loehoer koering. Pakean ginding koering. Tjindekna teu hina oepama ngarendeng djeung manehna.

Djoeragan - djoeragan lid Raad Kaboeupaten di Priangan Wetan. pilih noe kasebat di handap ieu kana lid Raad Propinsi Pasoendan di Batawi, marelana kieu: 1. R. Otto Koeseoma Soebrata Commies S. S. di Bandoeng. 2. R. A. A. Wiratanoeung-rat Dal-m Tasikmalaja. 3. M. Soetisna Sendjaja mantri Goeroe H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja. 4. R. A. Sastrawinata Dalem Tjiamis.

Bendoengan Tjitameng IV di Soekabarang (Tjibatoe). Naha, nanaaaa aja halodo banget-banget teuing, datang ka geus meh 7 bulan, hoerjan teh amoleug bae teu atjan geura tjoeoeoeoener hese nginoem-nginoem atjan, djoedjoekotan parach; mandi mah komo deut, datangka kapaksa koedoe ka Tjimateng anoe tjaina kotoer djeung rada djaeuh toeroeg-toeroeg djalanna goerawas. Saha audika teh? oerang mana? da koering mah keur nginoem, maudi, malah njawah oge bisa balong-balong teu loepet tjiaan, da aja solokan "Irrigatie" Tjitameng. Beu, ki sanak! Koering teh oerang desa Tjiboenar djeung Pasirladja, anoe kakoeangan tjai teh. Ka Pasirladja oge aja solokan "Ledeng" argasi teh, tapi waktos ieu mah ngan solokanana bae ngabuloenghoeng, soep gadjah, piraanan beresih malah disapoe, tapi tjaina saat malah solokanana oge telbon. Tah kitoe tjeuk aue keur padoe-doeaan perkara koerang tjai. Saenjana koerang tjai teh lain di desa Tjiboenar, Pasirladja bae, tapi di sedjen sedjen tempat mah komo. Ngan ari oerang "Pasirladja djeung Tjiboenar mah katjida keuheulna teh doemeh boga (aja) solokan anoe dioeroes koe Irrigatie, tapi henteu tjiaan, bolampar bisa njawah, keur nginoem oge hese, toeroeg-toeroeg teu aja liang tjai tjitjoesoe; katjaraina kapaksa ka Tjimaek atawa ka Tjikarag, anoe tempotna aja anoe ± 1 paal ti lemborna. Toeroeg-toeroeg marauehna njaraho, ari oerang desa-desa katjamaan Nangkapanit djeung desa Rantjabatoe djeung Tjikoang mah, djaba ti henteu kakoeangan keur mandi atawa nginoem teh, oge bisa njawah, uadjan dina moesim balodo oge. Ieu teh salah pangoroeh Lain saenjana tjaina henteu tjoeoep, koesabab ka Pasirladja djeung Tjiboenar teh kira-kira aja 5 paal tina bendoeugan, Tjitameng indoeng (tang goalan IV) toeroeg ieu tanggoelan ta-

